

## KHUTBAH 'IDUL ADHA

### 'IDUL ADHA PARING PIWUCAL

#### ANAK SUPADOS BEKTI DATENG TIYANG SEPAH

Dening : ARIFIN, S.H.I (Penyuluh Agama Islam KUA Gondokusuman)

اَللّٰهُ اَكْبَرُ اَللّٰهُ اَكْبَرُ اَللّٰهُ اَكْبَرُ ، اَللّٰهُ اَكْبَرُ اَللّٰهُ اَكْبَرُ اَللّٰهُ اَكْبَرُ ، اَللّٰهُ اَكْبَرُ  
اَللّٰهُ اَكْبَرُ اَللّٰهُ اَكْبَرُ ، اَللّٰهُ اَكْبَرُ كَبِيْرًا وَالْحَمْدُ لِلّٰهِ كَثِيْرًا وَسُبْحَانَ اللّٰهِ  
بُكْرَةً وَّاٰصِيْلًا، لَا اِلٰهَ اِلَّا اللّٰهُ، وَاللّٰهُ اَكْبَرُ ، اَللّٰهُ اَكْبَرُ وَلِلّٰهِ الْحَمْدُ  
الْحَمْدُ لِلّٰهِ الَّذِيْ جَعَلَ لِلْمُسْلِمِيْنَ عِيْدَ الْفِطْرِ بَعْدَ صِيَامِ رَمَضَانَ وَعِيْدَ  
الْاَضْحٰى بَعْدَ يَوْمِ عَرَفَةَ. اَشْهَدُ اَنْ لَا اِلٰهَ اِلَّا اللّٰهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيْكَ لَهُ  
وَاَشْهَدُ اَنَّ سَيِّدَنَا مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُوْلُهُ. اللّٰهُمَّ صَلِّ عَلٰى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ  
وَعَلٰى اٰلِهِ وَاَصْحَابِهِ الَّذِيْنَ اَذْهَبَ عَنْهُمْ الرَّجْسَ وَطَهَّرَ اَمَّا بَعْدُ: فَيَا  
مَعَاشِرَ الْمُسْلِمِيْنَ رَحِمَكُمُ اللّٰهُ، اتَّقُوا اللّٰهَ حَقَّ تُقَاتِهِ وَلَا تَمُوْتُنَّ اِلَّا  
وَاَنْتُمْ مُسْلِمُوْنَ، قَالَ اللّٰهُ تَعَالٰى فِى الْقُرْاٰنِ الْعَظِيْمِ بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ  
الرَّحِيْمِ وَقَضٰى رَبُّكَ اَلَّا تَعْبُدُوْا اِلَّا اِيَّاهُ وَبِالْوَالِدَيْنِ اِحْسَانًا

**Jamaah Idul Adha rahimakumullah,**

Allhamdulillah, monggo kito tansah muji syukur dhumateng Allah SWT, ingkang sampun paring nikmat iman, islam, saras lan kalodangan, sahingga kita saged nindaki shalat Idul Adha 1446 H sesarengan wonten ing mriki kanthi rahayu.

Shalawat lan salam kito aturaken dhumateng junjungan kito Nabi Muhammad SAW, Nabi panutan kito, keluarganipun, poro sahabat lan poro penderekipun, muji kito sedoyo kalebet umatipun ingkang pikantuk syafa'atipun ing akhirat samangke. Aamiin.

Allahu Akbar, Allahu Akbar, Allahu Akbar, waliilahil hamd.

### **Jamaah Idul Adha rahimakumullah,**

Ing dinten kang mulya punika, ngetingalaken peristiwa agung dateng kito sedoyo, nun inggih pengorbanan Nabi Ibrahim AS lan putranipun Nabi Ismail AS. Kados pundi Nabi Ismail AS, sanajan tasih enem, saget ndherek dhawuhipun romoipun kanthi patuh, tanpa nglawan, tanpo protes, malah ngendika:

قَالَ يَا أَبَتِ افْعَلْ مَا تُؤْمَرُ ۖ سَتَجِدُنِي إِن شَاءَ اللَّهُ مِنَ الصَّابِرِينَ

"he bapak kulo, supados nindakake nopo ingkang diparintahake marang jenengan. Insya Allah, jenengan bakal nemokake kulo kalebu wong-wong sing sabar." (QS. Ash-Shaffat: 102)

Maknanipun: Nabi Ismail AS nampa perintah Allah liwat Nabi Ibrahim AS tanpo ngeluh, malah kanthi sabar lan ikhlas nurut perintah Allah).

### **Jamaah Idul Adha rahimakumullah,**

Peristiwa punika ngemutaken kito, bilih hubungan anak lan wong tuwa meniko dhasaripun iman lan taat marang Gusti Allah. Nanging sayang, ing jaman sakpunika, kathah tiyang enom utawi remaja ingkang kélangan rasa hormat dhumateng wong tuwané. Kados ta nglawan, ngucap kasar, ninggal sholat, lan ndemek narkoba, tawuran, nglanggar aturan.

Padahal Nabi Muhammad SAW sampun ngendika

رِضَا اللَّهِ فِي رِضَا الْوَالِدِ، وَسَخَطُ اللَّهِ فِي سَخَطِ الْوَالِدِ

"Ridane Allah ana ing ridane wong tuwa, lan murka Allah ana ing murkane wong tuwa."

(HR. Tirmidzi)

Maknaipun: Allah bakal ridha marang anak yen wong tuwané ridha. Yen wong tuwa duko, Allah uga duko

Allahu Akbar, Allahu Akbar, Allahu Akbar, walillahil hamd.

### **Jamaah Idul Adha rahimakumullah,**

Idul Adha nglairake semangat pengorbanan lan taqwa dumateg Allah SWT. Nanging kejawi saka punika, kita ugi sinau babagan pendidikan akhlak anak.. Anak-anak kita kaancam dening gadget, media sosial, sesrawungan lan pengaruh lingkungan sing ora becik. Mula, kito para wong tuwa kedah tansah ndidik, nuntun, lan maringi teladan kang apik.

Allah paring dawuh:

وَوَصَّيْنَا الْإِنْسَانَ بِوَالِدَيْهِ إِحْسَانًا

"Lan ingsun wus maringi pitutur marang manungsa supaya ngluhuraké wong tuwané kanthi becik." (QS. Al-Ahqaf: 15)

Pramilo poro jamaah, monggo kito gunakake momentum Idul Adha punika kanggé nambah kesadaran anak lan remaja supados uwih berbakti lan hormat marang wong tuwa, nguri-uri ajaran agama, lan adoh saka perbuatan maksiat.

Allahu Akbar, Allahu Akbar, Allahu Akbar, walillahil hamd.

#### **Jamaah Idul Adha rahimakumullah,**

Lewat mimbar lan momentum meniko, ugo kita aturaken khususipun dateng poro pemuda pemudi remaja bilih pintu kesuksesan, kamulyan dunya lan akhirat, enten pangkat, rezeki, anak kang sholeh lan sholehah, lan keluargi kang ayem Tentrem nun inggih berbakti marang wong tuwa, utamane nalika wong tuwa sampun sepuh.

Allah SWT ngendika ing Al-Qur'an:

وَقَضَىٰ رَبُّكَ أَلَّا تَعْبُدُوا إِلَّا إِيَّاهُ وَبِالْوَالِدَيْنِ إِحْسَانًا

"Lan Gusti siro wus marentah supaya siro aja nyembah kejaba marang Deweke lan supaya tumindak becik marang wong tuwamu." (QS. Al-Isra: 23)

Maknane: Allah marentahake menungsa supoyo ibadah mung marang Panjenengane, lan langsung disambung karo dhawuh supoyo bekti marang wong tuwa.

Rasulullah SAW Uga ngendika:

مَنْ سَرَّهُ أَنْ يُمَدَّ لَهُ فِي عُمُرِهِ، وَيُزَادَ فِي رِزْقِهِ، فَلْيَبِرَّ وَالِدَيْهِ،  
وَلْيَصِلْ رَحِمَهُ

"Sapa wae sing kepengin dipanjangi umure lan diluwehake rejekine, pramilo supados bekti dateng tiyang sepahe kaleh lan nyambung tali silaturahmi." (HR. Ahmad)

Tegesipun: Anak kang bekti marang wong tuwa, bakal diparingi berkah umure dawa, rejekine lancar lan uripe berkah. sanajan jaman pun maju lan modern, ajaran bekti marang wong tuwa sampun ngantos ilang. anak kang entuk gelar sarjana, pendamelan, gaji gede, nanging lali kaleh tiyang sepahe. Kadhang malah

mboen purun merawat naliko sepuh, bakal nampi urip ingkang susah lan mboten berkah.

Allahu Akbar, Allahu Akbar, Allahu Akbar, walillahi hamd.

#### **Jamaah Idul Adha rahimakumullah,**

Mugi kita minongko wong tuwa supados saget nuladani Kanjeng Nabi Ibrahim AS ingkang tansah sabar, sabar, lan sabar ndidik anak-anak kanthi akhlak lan agami ingkang sae.

Idul Adha punika mboten namung sekadar nyembelih sapi utawi wedhus. Nanging sejatiné yaiku pengorbanan lan taqwa kawujud ing tumindak nyata, kalebu ndidik anak kito sedoyo.

Mugi khutbah punika maringi manfaat, lan tansah ngelingake kita sedaya supados mbangun kulawarga kang penuh berkah, putra putri ingkang soleh solihah AAMIIN.

أَعُوذُ بِاللَّهِ مِنَ الشَّيْطَانِ الرَّجِيمِ . بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ. وَالْعَصْرُ إِنَّ  
الْإِنْسَانَ لَفِي خُسْرٍ إِلَّا الَّذِينَ آمَنُوا وَعَمِلُوا الصَّالِحَاتِ وَتَوَّصُوا بِالحَقِّ  
وَتَوَّاصُوا بِالصَّبْرِ بَارَكَ اللَّهُ لِي وَلَكُمْ فِي الْقُرْآنِ الْعَظِيمِ وَنَفَعَنِي وَإِيَّاكُمْ بِمَا  
فِيهِ مِنَ الْآيَاتِ وَالذِّكْرِ الْحَكِيمِ , وَتَقَبَّلْ مِنِّي وَمِنْكُمْ تِلَاوَتَهُ . إِنَّهُ هُوَ السَّمِيعُ  
الْعَلِيمُ

اللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ، اللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ، اللَّهُ أَكْبَرُ  
كَبِيرًا وَالْحَمْدُ لِلَّهِ كَثِيرًا وَسُبْحَانَ اللَّهِ بُكْرَةً وَأَصِيلًا لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَاللهُ وَ اللهُ  
أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ وَلِلَّهِ الْحَمْدُ الْحَمْدُ لِلَّهِ عَلَى إِحْسَانِهِ وَالشُّكْرُ لَهُ عَلَى تَوْفِيقِهِ  
وَإِمْتِنَانِهِ. وَأَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَاللهُ وَ اللهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ وَأَشْهَدُ أَنَّ سَيِّدَنَا  
مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ الدَّاعِي إِلَى رِضْوَانِهِ. اللَّهُمَّ صَلِّ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ  
وَعَلَى آلِهِ وَأَصْحَابِهِ وَسَلِّمْ تَسْلِيمًا كَثِيرًا أَمَّا بَعْدُ: فَيَا عِبَادَ اللَّهِ، اتَّقُوا اللَّهَ حَقَّ  
تَقَاتِهِ تَكُونُوا عِنْدَهُ مِنَ الْمُفْلِحِينَ. وَصَلُّوا وَسَلِّمُوا عَلَى خَاتَمِ النَّبِيِّينَ  
وَإِمَامِ الْمُتَّقِينَ ، فَقَدْ أَمَرَكَ الرَّبُّ الْكَرِيمُ فَقَالَ سُبْحَانَهُ قَوْلًا كَرِيمًا: إِنَّ

اللَّهُ وَمَلَائِكَتُهُ يُصَلُّونَ عَلَى النَّبِيِّ يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا صَلُّوا عَلَيْهِ وَسَلِّمُوا  
تَسْلِيمًا. وَأَعْلَمُوا يَا إِخْوَانِي رَحِمَكُمُ اللَّهُ أَنَّ يَوْمَكُمْ هَذَا يَوْمُ الْعِيدِ وَيَوْمُ الْفَرَحِ  
وَالسُّرُورِ، فَاشْكُرُوا اللَّهَ تَعَالَى بِالتَّكْبِيرِ وَالتَّهْلِيلِ إِنَّهُ غَفُورٌ شَكُورٌ، اللَّهُمَّ  
صَلِّ وَسَلِّمْ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ سَيِّدِ الْمُرْسَلِينَ، وَعَلَى أَنْبِيَائِكَ وَرُسُلِكَ  
وَمَلَائِكَتِكَ الْمُقَرَّبِينَ وَارْضَ اللَّهُمَّ عَنِ الْخُلَفَاءِ الرَّاشِدِينَ أَبِي  
بَكْرٍ وَعُمَرَوِ عُثْمَانَ وَعَلَى وَعَنْ بَقِيَّةِ الصَّحَابَةِ وَالتَّابِعِينَ وَتَابِعِي التَّابِعِينَ  
لَهُمْ بِإِحْسَانٍ إِلَى يَوْمِ الدِّينِ وَارْضَ عَنَّا مَعَهُمْ بِرَحْمَتِكَ يَا أَرْحَمَ الرَّاحِمِينَ  
اللَّهُمَّ اغْفِرْ لِلْمُؤْمِنِينَ وَالْمُؤْمِنَاتِ وَالْمُسْلِمِينَ وَالْمُسْلِمَاتِ الْأَحْيَاءِ مِنْهُمْ  
وَالْأَمْوَاتِ اللَّهُمَّ اعِزَّ الْإِسْلَامَ وَالْمُسْلِمِينَ وَأَذِلَّ الشِّرْكَ وَالْمُشْرِكِينَ وَانصُرْ  
عِبَادَكَ الْمُوَحِّدِيَّةَ وَانصُرْ مَنْ نَصَرَ الدِّينَ وَاخْذُلْ مَنْ خَذَلَ الْمُسْلِمِينَ وَ  
دَمِّرْ أَعْدَاءَ الدِّينِ وَاعْلِ كَلِمَاتِكَ إِلَى يَوْمِ الدِّينِ. اللَّهُمَّ ادْفَعْ عَنَّا الْبَلَاءَ وَالْوَبَاءَ  
وَالزَّلَازِلَ وَالْمِحْنَ وَسُوءَ الْفِتْنَةِ وَالْمِحْنَ مَا ظَهَرَ مِنْهَا وَمَا بَطَنَ عَنْ بَلَدِنَا  
إِنْدُونِيسِيَا خَاصَّةً وَسَائِرِ الْبُلْدَانِ الْمُسْلِمِينَ عَامَّةً يَا رَبَّ الْعَالَمِينَ. رَبَّنَا آتِنَا  
فِي الدُّنْيَا حَسَنَةً وَفِي الْآخِرَةِ حَسَنَةً وَقِنَا عَذَابَ النَّارِ. رَبَّنَا ظَلَمْنَا أَنْفُسَنَا وَإِنْ  
لَمْ تَغْفِرْ لَنَا وَتَرْحَمْنَا لَنَكُونَنَّ مِنَ الْخَاسِرِينَ عِبَادَ اللَّهِ! إِنَّ اللَّهَ يَأْمُرُ بِالْعَدْلِ  
وَ الْإِحْسَانِ وَ إِيْتَاءِ ذِي الْقُرْبَى وَ يَنْهَى عَنِ الْفَحْشَاءِ وَ الْمُنْكَرِ وَ الْبَغْيِ  
يَعِظُكُمْ لَعَلَّكُمْ تَذَكَّرُونَ فَادْكُرُوا اللَّهَ الْعَظِيمَ يَذْكُرْكُمْ وَ اشْكُرُوهُ عَلَى نِعَمِهِ  
يَزِدْكُمْ وَ لَذِكْرِ اللَّهِ أَكْبَرُ وَ اللَّهُ يَعْلَمُ مَا تَصْنَعُونَ